



PWOSÈ VÈBAL KOMITE BOSTON SCHOOL YO GWOUP ENTÈVANSYON EGZAMEN ADMISYON LEKÒL YO

vendredi 28 mai 2021

Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon nan Lekòl Komite Boston School te fè yon reyinyon adistans 28 Me 2021 a 5 p.m. sou Zoom. Pou plis enfòmasyon sou eleman ki enimere anba yo, vizite <https://www.bostonpublicschools.org/esataskforce>, voye imel feedback@bostonpublicschools.org oubyen rele Biwo Komite Boston School la nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manm Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon nan Lekòl yo ki Prezan: Ko-Prezidan Michael Contompasis, Ko-Prezidan Tanisha Sullivan; Samuel Acevedo, Acacia Aguirre, Matt Gregor, Tanya , Katherine Grassa, Zena Lum, Zoe Nagasawa, Rachel Skerritt, ak Rosann Tung.

Manb Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon nan Lekòl yo ki Absan: Simon Chernow; Tanya Freeman-Wisdom; ak Tamara Waite.

Pèsonèl BPS ki Prezan: Monica Roberts, Chèf Elèv yo, Avansman Fanmi ak Kominote a, ak Monica Hogan, Direktè Egzekitif Prensipal Biwo Done ak Responsabilite.

DOKIMAN YO TE PREZANTE

Agenda

[Pwosè Vèbal Reyinyon an: Reyinyon 21 Me 2021 an](#)

[Presentation: Gwoup Entèvansyon Egzamen nan Lekòl - Opsyon Nivo Resansman yo](#)

[Konpare Kat Nivo yo](#)

OUVÈTI SEYANS LAN

Mesye Contompasis te bay siyal pou reyinyon an kòmanse. Li te anonse ke gen sèvis entèpretasyon similtane ki te disponib nan espanyòl, kreyòl ayisyen, kap vè, vyetnamyen, kantonè, mandaren, arab, ak lang siy ameriken (American Sign Language, ASL); entètèprèt yo pral prezante tèt yo epi bay enstriksyon nan lang matènèl yo sou kijan pou aksede ak entèpretasyon similtane nan chanje chanèl Zoom nan.

Madam Parvex te fè apèl telefonik. Mesye Chernow ak Doktè Freeman-Wisdom; Madam Waite te absan. Madam Skerritt te rive aprè apèl telefonik lan.

APWOBASYON PWOSÈ VÈBAL REYINYON AN: Vandredi 21 Me 2021

Apwouve – Gwoup Entèvansyon an te apwouve pwosè vèbal reyinyon Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon Lekòl yo vandredi 21 Me 2021 an . Mesye Acevedo te absteni li. Tout lòt manm yo te vote wi.

DISKISYON

Monica Hogan, Direktè Egzekitif Prensipal Biwo Done yo ak Responsabilite, te revize done ak similasyon adisyonèl yo selon demann Gwoup Entèvansyon an ki lye ak rezulta egzamen admision nan lekòl yo pou Ane Lekòl 2021-2022 an.

Madam Hogan te prezante sis diferan opsyon nivo ak popilasyon elèv ki ap viv nan diferan nivo yo. Popilasyon elèv ki reprezante a se te gwoup kandida egzamen lekòl SY20-21 7èm Ane.

Twa premye dyapozitif li te reprezante yo se te konparezon pa kat jewografi nan kat, senk ak uit nivo ki baze sou tout timoun ki nan laj lekòl pa rapò ak timoun ki nan klas 5èm a 8èm ane. Li te esplike metodoloji ekip li an te itilize pou kreye kat ki baze sou senk mezi ki itilize nan Chicago. Sa yo te:

- Revni Mwayèn nan Fanmi
- Pousantaj fanmi pwopriyetè a ap okipe
- Pousantaj fanmi ki dirije pa yon sèl paran
- Pousantaj fanmi kote yo te pale yon lang ki pa lang anglè
- Nivo edikatif
 - Pa gen yon diplòm fen etid segondè
 - Diplòm fen etid segondè
 - Kèk Inivèsite
 - Diplòm inivèsité
 - Diplòm pi wo nivo.

Madam Sullivan te mande si yo te kapab ajoute to povrete timoun nan kòm yon mezi. Madam Lum te ajoute posibilité pou eksploré tou Endis Konsantrasyon nan Ekstrèm yo (Index of

Concentration at the Extremes, ICE). Madam Hogan te klarifye pou manm yo ke bezwen pi elve elèv yo te nan kantite ki pi ba.

Madam Hogan te montre done pou distribisyon nivo yo k'ap itilize kantite elèv yo nan tout klas yo, ak pou elèv ki nan klas 5èm a 8èm ane yo.

Plizyè manm te poze divès kesyon sou nivo yo ak limit lan epi Madam Hogan te eslike kijan li te rive nan kantite sa yo, kijan yo te kapab ajiste yo, ak enpak posib selon kote a kote limit lan te rive pwodui. Madam Tung te deklare konklizyon li an se te plis yo te itilize nivo yo, se te pi bon rezulta yo t'ap genyen, men li pa t rezoud tout pwoblèm yo.

Madam Lum te mande si ranplasman revni medyan pa yon lòt mezi diferan Ankèt Kominote Ameriken an (American Community Survey, ACS), kòm lojman oubyen richès, pa opozisyon ak revni, t'ap ede regwoupe elèv yo an lojman piblik ak lojman sibvansyone nan pwòp nivo yo kèlkeswa kote yo ye jewografikman.

Madam Hogan te prezante yon dyapozitiv avèk divès done apati de itilizasyon nivo yo kòm yon mekanism envitasyon. Tablo a te afiche kantite plas ki t'ap atribiye pa nivo, tou depan de kantite nivo yo. Tablo a te sipoze ke 1000 envitasyon t'ap distribiye epi premye 20% plas yo t'ap distribiye nan tout vil la.

Pwochèn dyapozitiv Madam Hogan te prezante yo se te konparezon enskripsyon pa nivo gwoup kandida SY20-21 pa estati ekonomik, ras, sèks, estati Aprenan Anglè (English Learner, EL), ak estati Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP). Li te deklare tou li t'ap founi yon lyen ak yon kat jewografik enteraktif avèk divès done ki menm.

Mesye Gregor te mande si t'ap genyen yon fason pou montre ak kisa to envitasyon ane lekòl 2020-2021 an te sanble pou chak modèl ki pwopoze yo paske li t'ap an mezi pou wè enpak la sou divèsite katye a. Li te deklare ke li espere wè non sèlman divèsite sosyal la, ekonomik lan, men tou divèsite katye ki reprezante nan egzamen lekòl yo, li t'ap pratik pou konnen ki modèl ak konbyen nivo nou t'ap bezwen pou genyen yon reflè elèv nan chak katye yo.

Manm yo te genyen yon diskisyon byen long sou posibilité pou fè yon lotri nan gwoup kandida yo.

Doktè Tung te pamí moun ki gen opinyon ke san konnen revni an, fason ki pi jis pou asepte elèv yo se t'ap rekouri ak yon lotri. Li te di yon fwa yo te deside kilès ki dwe nan gwoup kandida yo, kit yo divize yo sou kòd postal oubyen pa nivo, sa t'ap bay ak chak elèv pèfòman nan nivo klas yo yon posibilité pou patisipe nan youn nan egzamen lekòl yo. Li te deklare tou ke sa t'ap evite disparate ekonomik nan mitan kòd postal yo oubyen divès sektè resansman, epi menm nan mitan lekòl primè yo, epi anfen, sa t'ap kraze stigmatizasyon pou pa resevwa envitasyon. Li te ajoute ke sa t'ap rann pi lejè fado pwofesè yo pou gonfle nòt yo, teste preparasyon an, ak pou klase elèv yo; epi yon lotri t'ap kapab tou genyen pou efè modifye enskripsyon nan lekòl primè yo ak lòt lekòl segondè yo nan Boston.

Madam Skerrit te deklare li pa t panse yon sistèm lotri, san diferansyasyon ant elèv yon menm gwoup t'ap pèmèt pou rann plis fanmi nan Boston, tout idantite yo, orijin ak milye sosyo-ekonomik yo, mwen fristre pa pwoesis la. Li te deklare yo dwe eksploré tout posibilité ak modèl ki te pèmèt yo atenn menm objektif nan yon fason kote fanmi yo ak elèv yo te gen enpresyon yo te gen yon gran degré egzésis nan pwoesis la, olye yo te sèlman konte sou yon lotri.

Madam Grassa te ajoute ke lotri a te konfòm ak sistèm chwa lekòl la antan ke yon distri pou antre nan lekòl Boston yo. Mesye Acevedo te deklare li pa t konvenki pa yon lotri men li te ouvri ak ekout manm yo.

Mesye Contompasis te deklare li pa t dakò ak yon lotri posib epi te deklare li pa t'ap pran an konsiderasyon reyisit akademik elèv yo. Li te deklare li te panse Gwoup Travay la te atenn sa yo te responsab la, epi yo te ogmante divèsite a nan toulè twa lekòl yo. Keson pou kounyè a se te kòman pou kenbe sa yo te rive atenn nan avèk plan enterimè a; yo te dwe pran yon desizyon ozalantou yon evalyasyon, oubyen asire yo de pètinans ak preparasyon gwoup kandida yo, epi jwenn yon fason pou pran an konsiderasyon tout preyokipasyon yo ozalantou yon mwayèn pondere kimilatif (grade point average, GAP), si Gwoup Entèvansyon an ta pral rekòmande pou itilize li. Li te deklare tou li te enpòtan pou deside si yo t'ap itilize 20% 80% distribisyon plas, epi si se sa, fason yo t'ap itilize li. Li te fini pou di li te panse ke twa egzamen lekòl pou kounyè a twa pamí lekòl ki plis divèsifye yo nan vil la, epi pwobableman nan Commonwealth Massachusetts la.

Doktè Tung te dakò ke plan enterimè a te ogmante reprezentasyon nan egzamen lekòl yo, men li te panse yo te kapab menm fè pi byen paske divèsite a pa nesesèman vle di reprezentasyon. Li te di yo te kapab toujou kenbe rigè avèk yon lotri. Li te deklare tou li pa t dakò avèk atribisyon plas yo a 20% nan tout vil la, epi te fè referans ak youn nan prezantasyon avan yo Madam Hogan ki te montre ke 20% elèv nan tout vil la pa t reprezentatif nan demografi distri a epi te konkli ke sa pa t ale lwen ki sifi pou atenn divèsite.

Madam Skerrit te mande poukisa yo t'ap separe yo pa katye ak pa nivo si lotri a, pa nati, t'ap fè li tout fason. Li pa t dakò nonplis avèk ide ke sistèm lotri a pou egzamen lekòl yo t'ap gen yon efè benefik sou enskripsyon yo nan distri a. Okontrè, li te panse ke sistèm lotri a t'ap chase plis moun nan vil lan.

Madam Lum te mande si te genyen yon posibilité pou randomize yon ane sou lòt de (2) domèn BPS t'ap itilize pou seleksyon elèv elijib yo yon jan pou se pa t matematik ak ELA chak ane.

Madam Sullivan te ankouraje manm yo pou reflechi sou divès ide sou ak sa politik la dwe sanble, epi pou mete li sou papye pou madi 1ye Jen. Ko-Prezidan yo te dakò ke yo dwe tou pale sou evalyasyon ak elijibilite nan reyinyon Jen an.

KÒMANTÈ PIBLIK LAN AN JENERAL

- Irene Tian, rezidan Wrst Roxbury, elèv, te temwanye kont politik kòd postal la.

Reyinyon Adistans Gwooup Entèvansyon Egzamen Admisyon nan Lekòl yo
Zoom
vendredi 28 mai 2021

- Travis Marshall, rezidan Roslindale, paran BPS, te temwanye kont yon tès estandatize akoz de prejje yo.

KÒMANTÈ POU KONKLI

Ko-Prezidan yo te remèsyé manm yo ak piblik yo.

SINEDYE

Nan apwoksimativman 07:15 p.m., Komite a te vote nan inanimite, pa yon apèl telefonik, pou repòte reyinyon an.

Ateste:



Lena Parvex
Asistan Administratif